

NYACK HOSPITAL RÈGLEMAN AK PWOSEDI

MOUN KI PREPARE DOKIMAN AN: Administratè Sèvis Finansye Pasyan

MOUN POU KONTAKTE: Administratè Sèvis Finansye Pasyan

SIJÈ: Laswenyaj pou Charite/Èd Finansye

I. RÈGLEMAN:

A. DEFINISYON

Nyack Hospital ap bay rabè pou moun ki kalifye pou Laswenyaj pou Charite/Èd Finansye ki baze sitou sou yon echèl varyab ki mezire revni fanmi an ak kantite moun ki nan fanmi an. Laswenyaj pou Charite/Èd Finansye se lè nou bay kèk sèvis medikal gratis oswa pou pri redui ki nesèsè pou rezon medikal pou moun nou detèmine ki pa kapab peye tout frè oswa yon pòsyon nan frè yo pou swen sante yo, dapre sityasyon finansye yo. Pwogram Laswenyaj pou Charite/Èd Finansye jwenn yon pati nan sipò yo avèk epay nou fè nan pwogram federal 340B

Menmsi yon pasyan kalifye pou Laswenyaj pou Charite/Èd Finansye, Lopital la ap bay sèvis yo dapre lwa ak règleman ki anvigè, tankou EMTALA. Poutèt sa, Lopital la ap bay, san diskriminasyon, swen sante pou pwoblèm medikal annijans pou moun yo kèlkeswa kondisyon asirans yo, kalifikasyon yo pou èd finansye oswa pou èd gouvènman an.

Poutèt sa, règleman alekri sa a:

1. Gen ladan kritè pou kalifye pou èd finansye – swen sante gratis epi avèk rabè (charite pasyèl).
2. Dekri baz pou kalkile kantite lajan nou reklame pou pasyan ki kalifye yo pou èd finansye anba règleman sa a.
3. Dekri metòd pasyan yo ka aplike pou èd finansye a.
4. Dekri metòd rekouvremant nou itilize pou touche pòsyon lajan pasyan an responsab pou peye nan bòdwo Nyack Hospital bay pou moun ki pa kalifye pou Laswenyaj pou Charite oswa ki kalifye pou yon rabè mwens 100%.
5. Dekri fason lopital la ap pibliye règleman an andedan Nyack Hospital ak andedan kominote ki resevwa sèvis Nyack Hospital.

B. Kalifikasyon-Jeneral

1. Tarif pou Pasyan yo Peyè Poukont yo
 - a. Nyack Hospital (ki rele “Lopital” annapre) limite kantite lajan Lopital la ap reklame pou moun ki pa gen asirans pou swen sante annijans oswa pou lòt swen sante ki nesèsè pou rezon medikal. Poutèt sa, Lopital la mete anplas yon Tarif pou Pasyan yo Peyè Poukont yo pou sèvis nou bay pou pasyan ki pa entènè yo dapre

tarif "Klasman Peman Anbilatwa Medicare APC epitou dapre tarif Medicaid pou swen sante nou bay pou pasyan ki entène yo.

- b. Ou kapab jwenn tarif sa yo depi ou kontakte Depatman Konsèy Finansye Nyack Hospital nan nimewo (845)-348-2897.
- c. Nou aplike tarif pou Pasyan Peye Poukont yo nan tout bòdwo ki prale pou pasyan nou yo ki pa gen asirans. Lopital la bay lòt rabè pou pasyan nou detèmine ki pa kapab peye tout Tarif pou Pasyan Peye Poukont yo dapre sitiyasyon finansye yo jan sa detaye nan règleman sa a.

2. Fason Nou Aplike Règleman konsènan Laswenyaj pou Charite/Èd Finansye

- a. Règleman sa a aplike sèlman pou sèvis nou pasyan ki entène ak/oswa pasyan ki pa entène nou bay pou moun ki pa gen asirans, moun ki pa gen ase asirans, moun ki pa kalifye pou yon pwogram gouvènman, oswa moun ki pa kapab peye, moun Nyack Hospital ak anplwaye li yo detèmine ki kalifye pou Laswenyaj pou Charite/Èd Finansye anba Règleman.
- b. Pasyan ki gen frè medikal egzajere, tankou kopeman, ko-asirans oswa franchiz, epi ki itilize tout avantaj asirans sante yo (tankou, men pa sèlman, kont epay sante) pou yon sèvis espesyal ka kalifye pou Laswenyaj pou Charite/Èd Finansye.
- c. Règleman sa a pa aplike pou sèvis nenpòt lòt pwofesyonèl swen sante bay (pa egzanzp, doktè, anbilans oswa lòt founisè sèvis pwofesyonèl k ap bay bòdwo apa pou sèvis yo). Pou nenpòt demann ou genyen pou Laswenyaj pou Charite oswa èd finansye konsènan sèvis a yo, ou ka kontakte lòt founisè sèvis yo.
- d. Règleman sa a aplike sèlman pou sèvis ki nesesè yo pou rezon medikal. Si nou kwè yon sèvis pa nesesè pou rezon medikal, tankou, men pa sèlman, kèk sèvis kosmetik, nou p ap konsidere sèvis sa a pou Laswenyaj pou Charite/Èd Finansye.

3. Anvan pasyan yo prezante yon aplikasyon pou Laswenyaj pou Charite/Èd Finansye, n ap evalye yo pou konnen si yo kalifye pou Medicaid oswa pou lòt pwogram asirans, lè li rezonab oswa apwopriye.

4. Lopital la ap ofri Laswenyaj pou Charite/Èd Finansye:

- a. Pou sèvis annijans yo pou nenpòt moun New York ki kalifye, epi
- b. Pou sèvis pwograme ki pa pou ijans epi ki nesesè pou rezon medikal pou nenpòt moun k ap viv nan zòn sèvis prensipal Lopital la (Konte Rockland, Westchester, Orange ak Putnam).

5. Se Depatman Revizyon Itilizasyon Lopital la (Hospital Utilization Review Department) k ap rezoud konfli konsènan nesesite medikal dapre règleman ak pwosedi Lopital la ki anvigè.

6. Kalifikasyon pou Laswenyaj pou Charite/Èd Finansye ki depase Tarif pou Pasyan yo Peye Poukont yo ap baze sou prezantasyon yon aplikasyon ranpli ki gen ladan dokiman revni ki obligatwa.
 - a. Ou kapab jwenn yon deskripsyon pwosesis Laswenyaj pou Charite/Èd Finansye ak Aplikasyon pou Laswenyaj pou Charite/Èd Finansye depi ale nan Depatman Konsèy Finansye Nyack Hospital (Nyack Hospital Financial Counseling Department) oswa depi ou rele yo nan nimewo (845)-348-289, oswa depi ou rele Depatman Sèvis Finansye Pasyan Nyack Hospital (Nyack Hospital Patient Financial Services Department) nan nimewo (845)-348-6603.
 - b. Ou kapab jwenn enfòmasyon sou Laswenyaj pou Charite/Èd Finansye ak règleman konsènan rekouvremant sou sitwèb Nyack Hospital (www.nyackhospital.org.)
7. Si yon moun pa kalifye pou Laswenyaj pou Charite/Èd Finansye oswa si moun nan prezante aplikasyon pou Laswenyaj pou Charite/Èd Finansye ki pa byen ranpli oswa si moun nan kalifye pou rabè ki pi mwens pase 100%, n ap mande moun sa a pou peye frè yo dapre metòd rekouvremant Lopital (gade Pratik Rekouvremant C). N ap kontinye evalye kalifikasyon pou Laswenyaj pou Charite/Èd Finansye avèk efò faktirasyon ak rekouvremant Lopital la.
8. Lopital la ka jwenn rapò nan ajans rapòtaj sou konsomatè sou kredi oswa espesyalite pou ede nou detèmine kalifikasyon sipoze pou Laswenyaj pou Charite pou moun ki pa prezante yon aplikasyon ki ranpli pou Laswenyaj pou Charite lè:
 - a. Pasyan an swa pa gen asirans oswa itilize tout avantaj asirans sante li,
 - b. Balans kont pasyan an pou sèvis li resevwa nan Lopital la depase \$250.00 epi,
 - c. Kont pasyan an rete san peye pandan omwen karant-senk (45) jou apre nou remèt pasyan an premye bòdwo a.
9. Règleman sa a la pou annamoni avèk Seksyon Section 2807-k 9-a Lwa Eta New York sou Sante Piblik (New York State Public Health Law) ak règleman oswa gid yo adopte dapre seksyon lwa a, epitou yo dwe entèprete Règleman an dapre seksyon lwa a ak règ oswa gid yo. Nan limit ki obligatwa dapre lwa ki anvigè, Depatman Sante Eta New York (New York State Department of Health) ka revize ak apwouve Règleman sa a.

C. Pratik Rekouvremant

1. Kèk moun p ap kalifye pou Laswenyaj pou Charite oswa y ap kalifye pou yon rabè ki mwens pase 100%. Lopital la mete anplas prensip ak limit pratik nou dwe itilize pou fè rekouvremant dèt pasyan yo pa peye, tankou kreyasyon règleman alekri konsènan referans dèt pasyan an pou aksyon rekouvremant oswa aksyon legal. Lopital la egzije ajans rekouvremant k ap pran desizyon sou non Lopital la pou yo siyen akò alekri ki egzije yo pou yo swiv prensip ak pratik sa yo.

2. Anrapò avèk pratik rekouvremman an, Lopital la:
 - a. P ap fòse lavant oswa sezi-ipotèk kay prensipal yon pasyan pou peye pou yon dèt pasyan an pa peye.
 - b. P ap voye yon bòdwo ba yon ajans rekouvremman pandan pasyan an prezante yon aplikasyon pou Laswenyaj pou Charite/Èd Finansye ki ranpli (ansanm avèk nenpòt dokiman sipò obligatwa) ap tann detèminasyon.
 - c. P ap pèmèt aksyon rekouvremman fèt kont yon pasyan nou detèmine ki te kalifye pou Medicaid nan moman li te resevwa sèvis yo epi si peman Medicaid disponib pou pasyan an, depi pasyan an prezante yon aplikasyon ki ranpli pou Medicaid anrapò avèk sèvis yo.
 - d. Ap bay avi alekri (ansanm avèk avi sou bòdwo yon pasyan) pou yon pasyan omwen 30 jou anvan nou voye yon kont nan rekouvremman.
 - e. Egzije ajans rekouvremman an pou jwenn konsantman Lopital la alekri anvan nou kòmanse yon aksyon legal pou rekouvremman.
 - f. Egzije ajans rekouvremman yo pou yo bay enfòmasyon pou pasyan yo konsènan fason pou yo aplike pou Laswenyaj pou Charite/Èd Finansye, kote li apwopriye.

D. Edikasyon/Sansibilizasyon Piblik

1. Nou dwe kominike Avi règleman konsènan èd finansye Lopital la alekri ba pasyan yo ak ba ajans sèvis kominotè lokal yo. Enfòmasyon alekri ki dekri règleman konsènan èd finansye Lopital la fèt pou disponib nan lang Anglè ak Panyòl pou nenpòt moun konsène k ap chèche enfòmasyon yo nan biwo sa yo:
 - a. Biwo Admisyon
 - b. Biwo Anrejistremman
 - c. www.nyackhospital.org
 - d. Pa lapòs sou demann
 - e. Konsèy Finansye nan nimewo (845)-348-2897
 - f. Disponiblite Laswenyaj pou Charite/Èd Finansye ak nimewo telefòn nan enprime nan anba tout bòdwo lopital la.
 - g. Enfòmasyon konsènan disponiblite Laswenyaj pou Charite/Èd Finansye nan lang Anglè ak Panyòl endike nan dokiman Enfòmasyon Pasyan nou bay pou tout pasyan yo.
2. Lopital la ap kominike disponiblite Laswenyaj pou Charite/Èd Finansye pou tout pasyan yo, piblik la anjeneral, ak ajans sèvis sante ak sèvis sosyal kominote lokal la ak lòt òganizasyon ki ede moun ki nan nesosite. Nou dwe mete yon rezime règleman konsènan Laswenyaj pou Charite, ansanm ak sèten enfòmasyon tankou nivo revni nou itilize pou detèmine si pasyan yo kalifye pou èd la, yon deskripsyon zòn sèvis prensipal Lopital la ak fason pou aplike pou èd la, adispozisyon pasyan yo depi yo fè demann lan.

3. Nou dwe bay avi pou pasyan yo konsènan Règleman sa a pandan pwosesis admisyon ak anrejistreman an, avèk afichaj vizib enfòmasyon ki apwopriye sou lang nan Saldijans yo ak Depatman Admisyon Lopital la ak enklizyon enfòmasyon sou bòdwo nou voye ba pasyan yo pou fè yo konnen èd finansye a ka disponib pou pasyan ki kalifye yo ak fason pou jwenn lòt enfòmasyon.
4. Ekip Lopital la pral resevwa edikasyon sou disponiblite Laswenyaj pou Charite/Èd Finansye ak fason pou oryante pasyan yo pou yo jwenn lòt enfòmasyon sou pwosesis aplikasyon an. Tout ekip admisyon, anrejistreman ak ajans rekouvremant yo resevwa fòmasyon sou règleman konsènan èd finansye Lopital la. Nou bay fòmasyon kontini pou tout domèn yo avèk enstwiksyon sou kote pou voye pasyan ki bezwen èd la. Pou anplwaye apwopriye yo, fòmasyon sa a ap baze, pami lòt bagay yo, sou enpòtans pou detèmine si pasyan yo kalifye pou Laswenyaj pou Charite/Èd Finansye nan pwosesis admisyon, faktirasyon ak rekouvremant, kondisyon kote n a chèche jwenn enfòmasyon finansye pasyan an nan enstitisyon endepandan, ak bezwen pou travay sou enfòmasyon pasyan an nan yon manyè ki konfidansyèl ak pwofesyonèl.
5. Nou dwe bay avi pou pasyan yo konsènan koleksyon posib rapò Lopital la nan ajans rapòtaj kredi oswa espesyalite sou konsomatè anvan Lopital la fè yon demann pou yon rapò.
6. Nou mete anplas yon mwayen pou evalye konfòmite Lopital la avèk règleman sa a, epitou nou dwe aplike li.

II. BI:

A. Objektif

Lopital la rekonèt responsablite li pou bay Laswenyaj pou Charite/Èd Finansye pou moun ki bezwen yo. Lopital la angaje pou fè yon evalyasyon jeneral sou bezwen chak pasyan apa epi pou nou bay Laswenyaj pou Charite/Èd Finansye lè li garanti, kèlkeswa laj, sèks, ras, peyi kote ou soti, sityasyon sosyo-ekonomik oswa sityasyon imigran, preferans seksyèl oswa afilyasyon relijye.

B. Kolaborasyon ak Responsablite

1. Pwosesis pou detèmine si yon pasyan kalifye pou Laswenyaj pou Charite/Èd Finansye ak pwosesis pou touche dèt pasyan an ap parèt nan angajman lopital la pou trete tout pasyan yo san paspouki avèk diyite ak respè.
2. Nan misyon charite Lopital la, n ap bay Laswenyaj pou Charite/Èd Finansye pou moun ki prezante aplikasyon ki ranpli epi ki satisfè kalifikasyon yo ki dekri nan Règleman sa a. N ap fè efò pou detèmine si pasyan yo kalifye pou Laswenyaj pou Charite/Èd Finansye pandan tout pwosesis faktirasyon ak rekouvremant an.
3. Laswenyaj pou Charite/Èd Finansye pa la pou ranplase dwa gouvènman oswa lòt pwogram èd ki la deja. Dapre sikonstans chak pasyan apa, n ap fè tout efò rezonab pou jwenn lòt kalite sous peman apwopriye ak pwoteksyon nan pwogram endepandan, ak nan lòt

pwogram piblik ak prive, pou pèmèt Lopital la bay swen sante pou moun ki bezwen li epi ki pa gen lòt mwayen pou peye.

4. Disponibilite Laswenyaj pou Charite/Èd Finansye pa elimine responsablite pèsònèl pasyan yo. Pasyan ki kalifye yo gen obligasyon, kèlkeswa lè li posib, pou yo gen aksè nan chwa asirans piblik oswa prive, epi nou mande yo pou yo kolabore avèk Lopital la epitou pou yo kotize nan frè pou swen sante yo dapre mwayen endividyèl yo pou yo peye. Lopital la gen dwa pou refize bay èd finansye pou pasyan ki kalifye men ki refize aplike pou pwogram asirans ki disponib yo, tankou, men pa sèlman Medicare ak Medicaid.
5. Lopital la ap konsidere bezwen yon moun pou Laswenyaj pou Charite/Èd Finansye dapre dokiman moun nan montre ki endike yon lòt sous peman pa kapab peye bòdwo pou sèvis yo epitou moun nan pa kapab peye pou sèvis yo. Règleman sa a dwe aplike menm jan pou tout pasyan ki kalifye yo, san limit dapre pwoblèm medikal moun ki aplike a, depi pwosedi oswa tretman pasyan an ap chèche jwenn nesèsè pou rezon medikal epitou depi li gen avantaj klinik oswa terapeetik.

III. LIMIT APLIKASYON:

Tout Ekip Lopital la pou Sèvis Finansye Pasyan ak Anrejistreman Pasyan yo.

IV. PWOSEDI:

A. Aplikasyon -Kalandriye/Lokal

1. Si li apwopriye, epi lè li posib, n ap bay eksplikasyon sou avantaj Medicaid ak avantaj lòt pwogram piblik ak prive pou pasyan an nan moman admisyon ak anrejistreman an, epitou n ap envite pasyan ki pa kalifye yo pou yo aplike. N ap detèmine si pasyan an kalifye pou Laswenyaj pou Charite/Èd Finansye apre nou detèmine si li kalifye pou lòt pwogram piblik ak prive. Lopital la ap fè efò pou detèmine si pasyan yo kalifye pou Laswenyaj pou Charite/Èd Finansye pandan tout pwosesis faktirasyon ak rekouvremant an.
2. Nou dwe mete materyèl ekri, tankou aplikasyon an, disponib pou pasyan yo pandan pwosesis admisyon ak anrejistreman anvan nou bay swen sante a. Epitou, pasyan yo ka mande fòm aplikasyon yo pou Laswenyaj pou Charite/Èd Finansye nan lokal ki la pou sa nan Lopital la, epi fòm yo ap disponib nan lang Anglè ak Panyòl.
3. Materyèl aplikasyon yo dwe endike aklè nan yon avi pou pasyan yo si pasyan yo prezante yon aplikasyon ki pa ranpli ansanm ak nenpòt enfòmasyon oswa dokiman ki nesèsè pou detèmine si pasyan an kalifye anba Règleman sa a pou fè konnen pasyan an ka pa okipe bòdwo Lopital la jouk lè Lopital la pran yon desizyon sou aplikasyon an.
4. Pasyan yo ka aplike pou èd la depi yo mande yon fòm aplikasyon. Nou dwe fè detèminasyon konsènan aplikasyon yo alekri ba moun ki aplike a imedyatman li posib apre pasyan an prezante aplikasyon ki ranpli an, men nan nenpòt ka Lopital la Lopital la

dwe fè detèminasyon an nan trant (30) jou apre Lopital la resevwa aplikasyon an. Si Lopital la bezwen enfòmasyon siplemantè nan men moun ki aplike a pou detèmine si li kalifye, Lopital la dwe mande menm enfòmasyon yo nan peryòd trant (30) jou a. Enstwiksyon alekri ki dekri fason pou konteste yon refi oswa lòt detèminasyon negatif fèt pou endike ansanm avèk detèminasyon negatif la oswa refi a konsènan yon aplikasyon.

5. N ap evalye pasyan klinik lopital la nan moman premye anrejistreman yo. N ap ranpli aplikasyon yo pasyan klinik Lopital la epi n ap fè detèminasyon pandan pwosesis anrejistreman an sof si nou bezwen enfòmasyon siplemantè.

B. Aplikasyon-Dokiman ak Prensip yo

1. N ap mande moun ki aplike yo pou yo bay enfòmasyon/dokiman tankou men pa sèlman sa ki endike anba la yo:
 - a. Revni fanmi an pou twa dènye mwa yo;
 - b. Revni fanmi an pou yon dènye peryòd douz mwa;
 - c. Kantite moun ki nan kay la ak sa yo pou moun ki aplike a;
 - d. Fòm 1040 (Deklarasyon Taks Endividyèl Etazini sou Revni) pou tout manm fanmi an oswa nenpòt lòt dokiman nou kapab itilize pou pwouve revni fanmi an, si pa gen Fòm 1040 lan.
2. Nou ka mande moun ki aplike a pou bay resous nè li yo¹ (*pa egzanp*, valè byen pèsoneèl ak valè byen imobilye, kontra asirans, kont labank, lòt kont envestisman).
3. N ap itilize enfòmasyon pasyan an bay nan yon fòm aplikasyon ki ranpli ak nan lòt sous yo nan evalyasyon sityasyon finansye pasyan an, epitou lè n ap pran yon desizyon konsènan mwayen pasyan an pou peye pou sèvis nou bay li yo, ak kalifikasyon pasyan an pou Laswenyaj pou Charite/Èd Finansye.
4. Nou mande pou pasyan an kolabore epi pou li bay tout enfòmasyon nesèsè ki obligatwa pou Lopital la fè yon detèminasyon konnen si pasyan an kalifye pou Laswenyaj pou Charite/Èd Finansye. Yon ofisyèl deziyen Lopital la ka anile kondisyon sa yo nan sityasyon kote pasyan an pa kapab satisfè kondisyon sa yo.
5. Pwosesis Kontestasyon
 - a. Si yon pasyan pa satisfè avèk desizyon konsènan aplikasyon li pou Laswenyaj pou Charite, li ka konteste desizyon an depi li prezante rezon li yo ak nenpòt dokiman sipò Administratè Sèvis Finansye Pasyan (Administratè), oswa reprezantan li, nan ven (20) jou apre desizyon an.

¹ Resous nè pa gen ladan kay prensipal, kont epay retrèt ki gen taks defere oswa ki konparab, kont epay pou kolèj, vwati pasyan an oswa manm fanmi pwòch li itilize (ki rele Resous Eskli annapre). Nou ka konsidere resous enpòtan (ki pa Resous Eskli) sou yon baz ka-pa-ka dapre lwa leta ki anvigè epitou dapre gid Depatman Sante Eta New York.

- b. Administratè a dwe gen ken z (15) jou ouvrab pou revize kontestasyon an epi pou li bay pasyan an yon repons alekri.
- c. Si pasyan an toujou pa satisfè avèk desizyon Administratè a, pasyan an ka konteste desizyon Administratè a alekri, epitou li dwe bay rezon yo pou sa, ak nenpòt dokiman sipò ba Direktè Finansye a.
- d. Direktè Finansye a dwe jwenn yon desizyon alekri nan ken z (15) jou apre li resevwa kontestasyon an. Desizyon Direktè Finansye a dwe se yon desizyon final.
- e. Nou pa dwe fè aktivite rekouvremant pandan nenpòt kontestasyon annatant.

C. Pwosesis Peman

1. Kritè pou swen sante gratis oswa pou pri redui
 - a. Selon kondisyon Règleman sa a, Lopital la ap bay swen sante gratis oswa pou pri redui pou moun ki aplike epi ki pa gen asirans oswa pou moun ki aplike epi ki itilize tout avantaj asirans sante yo pou yon sèvis patikilye, tankou men pa sèlman, nan kont epay sante, avèk revni ki anba 400% nivo federal povrete jan sa endike nan Gid Federal Povrete pou Revni ki pa Agrikòl yo pibliye chak ane (n ap itilize gid revni ki anviyè nan moman nou resevwa aplikasyon ki ranpli a, epi pa nan moman sèvis la, lè n ap detèmine si pasyan an kalifye) dapre Règleman konsènan Laswenyaj pou Charite nan Echèl Varyab pou Lopital la" pou ane nou ye a;
 - b. Selon kondisyon Règleman sa a, Lopital la ap bay swen sante gratis oswa pou pri redui pou nenpòt moun ki aplike epi ki itilize tout avantaj asirans li oswa avantaj swen sante ki anviyè pou sèvis swen sante patikilye ki konsène a, tankou men pa sèlman, kont epay sante, epi li responsab pou fè peman ba Lopital la ki depase trant pousan (30%) revni total li ak resous nè li yo (sof Resous Eskli yo), ki kalkile sou yon baz ane almannak, menmsi yo pasyan pa kalifye pou Laswenyaj pou Charite/Èd Finansye dapre Fason Règleman an Aplike, Pwosedi a, C1a. ki endike anwo a. (Responsablite pasyan an dwe se pou kantite lajan ki rete apre dediksyon peman konpayi asirans yo oswa plan sante yo fè, ak peman nou resevwa nan nenpòt pwogram transfè dwa oswa nenpòt lòt kalite èd.)
 - c. Lopital la ka konsidere prèv difikilte ekstrawòdinè lè n ap evalye si pasyan an te satisfè kritè pou Laswenyaj pou Charite nan sikonstans patikilye yo.
 - d. Kantite lajan maksimòm nou ka touche nan men yon pasyan ki kalifye pou Laswenyaj pou Charite/Èd Finansye dapre Règleman an pa dwe pi gwo pase kantite lajan peyè pi gwo kantite lajan an, Medicaid oswa Medicaid te ka peye, jan sa anviyè.
2. Lè yon pasyan aplike pou Laswenyaj pou Charite/Èd Finansye, nou ka konsidere si li konfòme li avèk obligasyon finansye li yo anvan avèk Lopital la.

3. Lè li apwopriye, nou ka re-evalye bezwen pou Laswenyaj pou Charite/Èd Finansye a. Men kèk nan sikonstans ki ka jistifye re-evalyasyon an:
 - a. Chanjman nan revni;
 - b. Chanjman nan kantite moun ki nan kay pasyan an;
 - c. Re-ouvèti yon kont ki te fèmen; oswa
 - d. Reyalizasyon yon evalyasyon finansye plis pase yon ane anvan.
 - e. Nenpòt lòt chanjman apre nou bay sèvis yo ki ka afekte mwayen pasyan an pou peye.

4. **Plan Peman an Vèsman.** Si yon pasyan pa kapab peye balans ki sou yon kont, Lopital la ap fè efò pou negosye yon plan peman an vèsman avèk pasyan an. Lè Lopital la ap negosye yon plan peman an vèsman avèk pasyan an, Lopital la ka konsidere balans pasyan an dwe epitou n ap konsidere mwayen pasyan an pou peye.
 - a. Plan peman an vèsman yo dwe pèmèt nou resevwa balans pasyan an dwe a nan sis (6) mwa.
 - b. Nou ka pwolonje peryòd peman an pou plis pase sis (6) mwa si, selon desizyon Lopital la, sikonstans finansye pasyan an jistifye yon pwolongasyon.
 - c. Peman pa mwa yo pa dwe depase dis pousan (10%) revni pasyan an anvan dediksyon; depi lè nou konsidere resous pasyan an anba Fason Règleman an Aplike, Pwosedi, C.1. ki anwo a, nou ka konsidere resous pasyan an ki pa Resous Eskli anplis limit ki sou peman pa mwa yo.
 - d. Si pasyan an pa fè yon peman lè li dwe fè peman an epi si li kontinye pa fè peman an nan trant (30) jou apre, lè sa a pasyan an ap dwe tout balans lan nèt.
 - e. Si nou fè pasyan an peye enterè, to enterè sou nenpòt balans li pa peye pa dwe depase to a pou yon sekirite katreven-dis jou yo bay nan Depatman Trezò Etazini (US Department of Treasury) plis yon mwatye nan yon pousan (.5%). Plan peman an vèsman an pa dwe gen yon akselerasyon oswa kondisyon sanblab k ap lakòz yon to enterè ki pi wo sou yon peman pasyan an pa fè.

5. **Depo.** Yon pasyan k ap chèche jwenn swen sante ki nesèsè pou rezon medikal oswa swen sante ki pa twò ijan epi ki aplike pou Laswenyaj pou Charite/Èd Finansye ka gen obligasyon pou fè yon depo dapre kondisyon Règleman sa a. Okenn depo pa dwe depase dis pousan (10%) revni pasyan an anvan dediksyon; depi lè nou konsidere resous pasyan an anba Fason pou Règleman an Aplike, Pwosedi a, C1 ki anwo a, resous pasyan an, ki pa Resous Eskli, nou ka konsidere yo anplis limit ki sou peman pa mwa yo; epitou depi answit, pou pasyan ki gen revni anyèl ki nan oswa anba 150% nivo federal povrete, n ap konsidere resous ki pa Resous Eskli yo sèlman si yo depase nivo resous Depatman Sante endike dapre Fason Règleman an Aplike, Pwosedi a, C1aii ki anwo a. Nan okenn ka, nenpòt depo yon pasyan te ka fè anvan lè li aplike pou Laswenyaj pou Charite, dwe endike nan nenpòt konsiderasyon Laswenyaj pou Charite/Èd Finansye.

6. Lopital la ap antreteni yon kontablite an dola nou reklame kòm Laswenyaj pou Charite dapre lwa Eta New York ki anvigè.

RESPONSABLITE: Sèvis Finansye pou Pasyan

Anvigè: 08/96
Revizyon: 10/02 07/04 10/04 1/05
2/05 7/06 1/07 2/10 4/13 3/16
Revize: Out 2013